

## **BAB III**

### **MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN**

#### **3.1.Métode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Métode Panalungtikan**

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Tujuan ngagunakeun métode ieu sangkan meunangkeun gambaran luyu henteuna carita rayat lamun dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

Métode déskriptif, nya éta métode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari (Sudjana, 1987:52).

Ari numutkeun Subana (2005:89) nyebutkeun yén nu dimaksud déskriptif téh nya éta ngajelaskeun jeung nafsirkeun data anu aya hubunganna antara fakta, kaayaan, variabel, jeung pasualan anu lumangsung dina panalungtikan, sarta dina ngungkapkeunna saayana.

Sedengkeun Surakhman (1994:140) nétélakeun yén métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, ngajelaskeun jeung nganalisis.

##### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, téhnik dokuméntasi, téhnik rékaman, jeung téhnik wawancara.

### 3.1.2.1. Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung ulikan carita rayat.

### 3.1.2.2. Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun jeung ngadokumentasikeun data ngeunaan carita pikeun dijieun bahan pangajaran.

### 3.1.2.3. Téhnik Rékaman

Téhnik rékaman nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara dirékam ku *recorder*. Sangkan nyinglar data anu ditulis henteu lengkep atawa kurang sampurna.

### 3.1.2.4. Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngalengkepan data ngeunaan carita rayat, ku cara komunikasi langsung jeung masarakat salaku imforman. Dina téhnik wawancara ieu, aya pamadegan yén anu dimaksud wawancara numutkeun Arikunto (2002:127) ngabagi jadi tilu bagian nya éta;

- 1) Wawancara *bebas* nya éta wawacara anu dilakeukeun ku anu ngawawancara bebas nanyakeun naon baé ka anu diwawancara.
- 2) Wawancara *terpimpin* nya éta wawacara anu dilaksanakeun dumasar kana pertanyaan anu geus ditangtukeun saacana.

- 3) Wawancara *bebas-terpimpin* nya éta wawancara anu mangrupa campuran antara wawancara bebas jeung wawancara terpimpin.

Dina ngawawancara aya daftar pertanyaan pikeun meunangkeun data carita rayat diantaran :

- 1) Upami jenengan bapa saha?
- 2) Dupi alamat bapa dimana?
- 3) Kintén-kintén Yuswa bapa sabaraha taun?
- 4) Pakasaban atawa kalungguhan bapa kana naon?
- 5) Manawi bapa kagungan atawa uninga kana carita rayat anu aya didieu?

### 3.2. Intrumén Panalungtikan

Dina intrumén panalungtikan ieu anu digunakeun nya éta tape recorder, kasét, kaméra, alat tulis, jeung informasi pikeun alat deskripsi data.

	Inporman
	Ngaran Umur Pakasaban Alamat
Déskripsi carita rayat ...	

### 3.3. Populasi, Sampel Panalungtikan jeung Sumber Data

#### 3.3.1. Populasi

Populasi nya éta sajumlahing sumber data nu dijadikeun objék panalungtikan (Suyatna, 2002:10). Sedengkeun Surakhmad (1990:93) ogé

nétélakeun yén nu dimaksud populasi téh nya éta sajumlahing objék nu bakal ditalungtik sarta saeutikna mibanda sipat nu sarua, sarta dianggap réprésentatif.

### 3.3.2. Sampel Panalungtikan

Numutkeun Suyatna (2002:11) nétélakeun sampel téh nya éta sabagian tina populasi sarta bisa ngawakilan populasi. Sedengkeun Surakhmad (1990:90) ngébréhkeun yén nu disebut sampel téh nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik.

Sampel dina ieu panalungtikan bakal ngagunakeun sampel purposive (*purposive sampling*). Hartina data nu dijadikeun sampel téh dumasar kana tujuan jeung kabutuhan nu geus ditangtukeun saméméhna.

Ari Kacamatan Talaga téh diwangun ku genep belas désa. Carita rayat anu kakumpulkeun aya 14 (opat belas) carita ti sapuluh désa. Unggal désa éta beda-beda ngasongkeun caritana.

### 3.3.3. Sumber Data

Dina ieu panalungtikan data anu bakal digunakeun nya éta sakabéh carita rayat anu kakumpulkeun ti lokasi panalungtikan. Sedengkeun anu jadi sumber datana nya éta sakumna warga masarakat Kacamatan Talaga Kabupatén Majalengka, kalayan katangtuan:

- 1) Umur minimal opat puluh taun sarta bisa diajak komunikasi,
- 2) Pituin urang Kacamatan Talaga atawa sesepuh di Désa anu aya di Kacamatan Talaga sarta apal kana carita rayat anu aya di wewengkonna,

- 3) Miboga pakasaban anu matuh di Kacamatan Talaga sarta apal kana carita rayat anu aya di wewengkonna,
- 4) Miboga daya inget anu kuat, jeung
- 5) Teu cacad mental.

Ku ayana kritéria anu geus ditangtukeun, dipiharep nara sumber méré katerangan sarta inpormasi anu dibutuhkeun ku panalungtik ngeunaan carita rayat anu aya di Kacamatan Talaga.

### **3.4. Léngkah-léngkah Garapan**

Dina rancangan garapan aya opat léngkah anu dijadikeun patokan pikeun panalungtikan nya éta tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap nganalisis data, jeung tahap nyusun laporan. Péréléanna sakumna ieu di handap:

#### **1. Tahap Tatahar**

Lengkah nu munggaran dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngumpulkeun sumber bahan kajian,
- 2) Ngalaksanakeun ulikan pustaka,
- 3) Ngasongkeun judul panalungtikan,
- 4) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan,
- 5) Ngayakeun konsultasi ka Dosén Pangaping.

#### **2. Tahap Ngumpulkeun Data**

- 1) Ngayakeun wawancara jeung narasumber,

- 2) Ngumpulkeun jeung ngadokuméntasikeun data,
- 3) Ngainvéntarisasi data

### **3. Tahap Ngalalisis Data**

- 1) Nengetan data nu geus kakumpul,
- 2) Ngatranskripkeun data anu dirékam jadi naskah,
- 3) Ngolah data dumasar kana indikator anu geus ditangtukeun dina bab 2,
- 4) Nyieun kacindekkan tina data anu geus diolah.

### **4. Tahap Nyusun Laporan**

Tahap anu pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan dina wangun skripsi dumasar kana pedoman penulisan karya ilmiah sarta meunang apingan ti dosén-dosén pangaping.